

AKÒ POU PWOGRAM RANBOUSMAN RENOVASYON SISTÈM IRIGASYON KAY FANMI ENDIVIDYÈL

Pwogram Ranbousman Renovasyon Sistèm Irigasyon Kay Endividyèl AF2012-2013

Pwogram Ranbousman Renovasyon Depatman Dlo Potab ak Egou Konte Miami-Dade ofri yon ensitasyon finansye pou pwopriyetè yo nan Konte Miami-Dade pou modifiye sistèm irigasyon yo pou fè yo itilize dlo ak plis efikasite. Amelyore efikasite sistèm irigasyon an va lakoz yon rediksyon nan kantite dlo ki itilize deyò kay epi kreye dè peyizaj dirab e sen. Aplikan ki apwouve yo ap resevwa yon evalyasyon sistèm irigasyon yo an anvan ak apre travo renovasyon sistèm irigasyon an. Evalyasyon yo ap fèt pa Urban Conservation Unit fi fè pati Miami-Dade County Extension Service. Evalyasyon yo gratis epi yo te kreye pou bay pwopriyetè yo dè pèspektif sou ki kalite renovasyon kap koute mwen chè epi ki apwopriye pou sistèm irigasyon an.

Pou kalifye pou Pwogram Ranbousman AF2012-2013 la, tout travo renovasyon yo fèt pou konplete, yon enspeksyon apre travo yo konplete ki pou fèt pa UCU, epi soumèt tout dokiman pou ranbousman an pa pita ke 31 dawout 2013. Ranbousman yo ap disponib sèlman pou chanjman ki fèt nan sistèm irigasyon an ki sou Lis Renovasyon Apwouve pou Sistèm Irigasyon (pi ba la a) oswa pou yon modifikasyon ki apwouve pa UCU anvan travo renovasyon yo.

Lis Renovasyon Apwouve

Ranbousman yo disponib pou renovasyon sistèm irigasyon swivan yo (ki enkli pyès ak mendèv):

Renovasyon Kalifye	Maksimòm Ranbousman Posib
Achte ak Enstalasyon kaptè dlo lapli (pa kapab konbine avèk enstalasyon kaptè imidite nan tè oswa kontwolè ET).	\$120
Acha oswa enstalasyon yon kaptè imidite nan tè oswa kontwolè ET (pa toude).	\$400
Anlèvman sistèm irigasyon nan dè zòn kote plant yo pa bezwen irigasyon dlo (plant ki mande anpil dlo epi ki deja etabli).	\$200
Enstalasyon plant ki rezistan a sechrès konbine ak anlèvman irigasyon. Plant yo fèt pou sou lis nan piblikasyon "Low Maintenance Landscape Plants for South Florida" disponib nan: http://Miami-dade.ifas.ufl.edu	\$400
Refè konsepsyon sistèm irigasyon an pou separe andwa yo dapre kantite dlo yo bezwen (pa egzanp: gazon fèt pou nan yon andwa ki diferan de abis yo).	\$400
Modifikasyon ak enstalasyon sistèm awozay pou bay parite nan to presipitasyon nan tout yon zòn.	\$200
Enstalasyon sistèm irigasyon ki pa gaspiye dlo nan zòn jaden peyizaj yo.	\$400
Ranplasman valv pou endèks yo ak dè valv elektwonik.	\$400
Ranplasman taymè mekanik ak yon taymè dijital.	\$400
Lòt estrateji konsèvasyon dlo (fèt pou apwouve pa UCU).	TBD

Tout depans ki pou ranbouse yo fèt pou dokimante. Patisipan yo fèt pou bay resi/fakti orijinal a Sèvis Ekstansyon Konte Miami-Dade. Resi/fakti yo fèt pou detaye pou endike chak depans mendèv ak acha pyès endividyèl. Tout resi/fakti ki soumèt yo fèt pou montre peman an plen, pou kapab kalifye pou rabousman an. Patisipan yo fèt pou enkli tou yon kopi rapò yo ki sòt nan UCU ki bay detay sou kondisyon sistèm lan anvan ak apre travo renovasyon yo pou kapab resevwa yon ranbousman.

Yon montan maksimòm de \$400.00 disponib pou chak patisipan. Ranbousman yo ap distribye dapre premye vini premye sèvi jiskask fon lajan pwogram lan fini. Pou aplike nan pwogram lan tanpri ranpli fòm aplikasyon ki sou lòt bò paj sa a.

Akò sa-a konkli le _____ 2011/2012 pa ak ant Pwogram Katye ak Lakou Florid (FYN) Konte Miami-Dade an kolaborasyon ak Linite Konsèvasyon Ibèn (UCU) AK _____ Pwopriyetè Kay Endividyèl ki dorenava pral refere kòm SFH nan deskripsyon **KONDISYON** swivan yo:

1. Yap kontakte SFH pou planifye yon evalyasyon sistèm irigasyon liya pa UCU. Yap avize SFH de rekòmandasyon pou sistèm irigasyon yo nan rapò pre-evalyasyon UCU a. Rapò UCU a ap gen ladan li dè rekòmandasyon ki dwe enplimante pou kapab fè sistèm irigasyon liya ize dlo ak plis efikasite.
2. Depatman Dlo Potab ak Egou Miami-Dade (MDWASD) ap ranbouse SFH **jiska, men pas pliske katsan dola (\$400.00)** pou renovasyon ki fèt nan sistèm irigasyon ki la deja a pou fè li vin pi efikas. **Se Sèlman modifikasyon ki sou Lis Renovasyon Apwouve pou Sistèm Irigasyon an (sou lòt bò paj sa a) oswa yon modifikasyon ki apwouve pa UCU anvan travo renovasyon an kap ranbousab.**
3. Apre ke renovasyon yo fin fèt, SFH fèt pou planifye yon dezyèm evalyasyon de sistèm lan ki pou fèt pa UCU pou asire ke renovasyon yo te byen fèt. Pou resevwa yon ranbousman, chak SFH fèt pou:
 - a. Resevwa yon evalyasyon pre-renovasyon de sistèm irigasyon yo an
 - b. Resevwa yon evalyasyon apre renovasyon de sistèm irigasyon yo an
 - c. Soumèt resi detaye ak resi chèk, lè aplikab, pou pyès ak mendèv travo renovasyon yo.
4. Tout renovasyon yo fèt pou fin fèt epi dokiman yo fèt pou soumèt nan lespas 6 mwa de evalyasyon inisyal la oswa anvan 31 dawout 2013, selon sa ki vin anvan an.
5. Si ou pa kenbe randevou an oubyen ou pa reponn demann UCU yo pou yon randevou, sa ap lakoz yo rejte aplikasyon an.
6. Moun ki siyen pi ba la-a sèl responsab pou pran pèmi ak anplwaye yon kontraktè ki gen lisans fè travay enstalasyon yo.
7. Yap mete SFH okouran de tout pwogram konsèvasyon dlo ki disponib de MDWASD atravè UCU epi lap resevwa enfòmasyon sou amenajman peyizaj ki adapte pou Florid.
8. SFH ap pèmèt UCU libere kopi toude rapò yo – evalyasyon anvan ak apre – bay FYN, MDWASD, ak Distrik Jesyon Dlo Potab Sid Florid (SFWMD).
9. SFH dakò pou pa kenbe MDWASD, FYN ak UCU responsab pou okenn pèt oswa andomajman nan pwopriyete oswa peyizaj SFH.
10. SFH ka patisipe nan pwogram lan jiska, men pa pliske 3 fwa. SFH fèt pou aplike nan chak nouvo ane pwogram (pa egzanm 2011/2012) epi li fèt pou konplete renovasyon yo pandan ane pwogram lan konfòmman ak Akò sa a.
- 11.

Pwopriyetè (Ekri Non an an lèt detaye) _____ **Telefòn** _____

Adrès _____ **Vil:** _____ **Eta** _____ **Kòd Postal** _____

Siyati _____ **Imel** _____

Reprezantan Otorize pa FYN (Ekri Non an an Lèt detaye) _____

Siyati _____ **Dat siyen** _____

Reprezantan Otorize pa UCU (Ekri Non an an lèt detaye) _____

Siyati _____ **Dat siyen** _____